



Nama :

Kelas :

No. Absen :

1. Tembung pranatacara punika kedadosan saking tembung lan tembung
2. Kaseratna struktur teks pranatacara ing ngandhap punika!
 - Assalamu'alaikum wr. wb. Kasugengan saha karaharjan mug i tetepa kajiwa kasarira dhumateng panjenengan sedaya.
 - Wangsulan:
 - Nuwun, para pepundhen ingkang satuhu kinabekten, para pinisepuh miwah sesepuh ingkang kinurmatan, para tamu ingkang minulya, sarta kadang kula wredha miwah mudha ingkang sutresna.
 - Wangsulan:
 - Sumangga tansah kula dherekaken muji syukur ing ngarsaning Gusti, Pangeran ingkang Maha Welas lan asih ingkang sampun ngluberaken kanugrahan ingkang arupi karaharjan ingkang tanpa pepindhan.
 - Wangsulan:
 - Para tamu ingkang minulya, keparenga kula ingkang mundhi dhawuhipun Bapak Suharmanto ngaturaken menggah rantamaning titi laksana adicara pawiwahan ing wanci menika. Titi laksana rinantam mekaten: pambuka, mijilipun temanten putri, praptaning temanten kakung, pasrah tampi, panggih, krobongan, mapak besan, sungkeman, poto temanten, saha panutup
 - Wangsulan:

LKPD Pranatacara

- Para rawuh ingkang minulya kados sampun jangkep tumapaking adicara. Pramila sampun dumugi pethiting titi laksana. Kula sakadang ingkang dherekaken tumapaking adicara ndhereka mangayubagya dhumateng risang penganten, sageda gesang manggih kamulya sarta karaharjan. Sarta ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Suharmanto, bilih kula sakadang sampun pinitados ndherekaken lumampahing titilaksana pawiwahan Dyah Ayu Retnawati kaliyan Bagus Sulistya.
 - Wangsulan:
 - Kalamun anggen kula nindakaken wajib wonten tuna dungkaping atur miwah solah bawa, cicir cewet adamel kuciwa, keparenga paduka ingkang hamengku karsa miwah para tamu paring pangaksama. Nuwun.
 - Wangsulan:
 - Wassalamu'alaikum wr. wb.
 - Wangsulan:
3. Miturut ancasipun, teks pranatacara ing nginggil kalebet teks pranatacara punapa?